Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Jodi a, eta nou an nan lapenn pou pèt Majò Sorffly Davius, ki te mouri nan dat 6 mas nan Kan Buehring nan Kowet pandan l t ap sèvi peyi li. Majò Davius te yon "Sitwayen Sòlda" nan tout sans. Yon ofisye NYPD devwe ak yon veteran dekore nan Lame a, li te pase karyè li ap pwoteje lòt moun. Anvan yo te deplwa ye li lòt bò dlo a, li te sèvi avèk distenksyon nan Joint Task Force Empire Shield, kote li te defann kote ki pi enpòtan nan eta a kont menas.

Lavi li se yon rapèl pwisan sou sakrifis ekstrawòdinè manm Gad Nasyonal nou yo te fè, ki balanse wòl yo kòm sitwayen, premye sekouris ak sòlda. Majò Davius te yon mari ak yon papa devwe. Mwen pèsonèlman prezante kondoleyans sensè mwen bay madanm li epi m ap toujou panse ak fanmi li, kòlèg li yo ak tout moun ki te konnen l. Nou kontinye priye pou sekirite chak manm sèvis ak premye sekouris k ap pwoteje nou lakay nou ak aletranje."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU